

Questionnaire in Shona

Ongororo yezvinetswa zvinosangana nevarimi vefodya muZimbabwe

Chikamu chekutanga

1. Muri murume kana kuti mukadzi
Murume _____ Mukadzi _____
Ndinosarudza kusareva _____
2. Mune makore mangani? _____
3. Makasvika pagwaro ripi rechikoro? _____
4. Mungatora kurima fodya sebasa renyu rekutanga here kana kuti ndereparutivi? _____
5. Kana riri reparutivi, ko rekutanga monoita rei? _____
6. Makatanga kurima fodya gore ripi? _____
7. Muri murimi akaita sei (sarudzai pamienzaniso miviri iri pazasi).
Murimi akanyorerana pasi nemabhanga kana hurumende _____
kana kuti muri murimi akazivimiririra _____
8. Mari yamunowana pakurima fodya ndiyo yega here?
Hongu _____ Kwete _____
9. Kana isiriyo yega, ndekupi kumwe kwamunowana mari? _____

Chikamu chezvikwereti (Nhau dzemari)

Dairai mibvunzo iyi kana muri murimi akanyorerana nemakambani kana bhanga (contract farmers). Moenderera mberi kutangira paNhau dzeraudziro

10. Makapinda mukunyorerana pasi uye kuwirirana nekambani ipi?
11. Munopihwa mari yekushandisa chipi pane zvinotevera? (*Sarudzai zvese zvinoenderana nemi.*)

Mbeu _____ Fetiraiza _____ Mishonga _____ Vashandi _____
Zvimwe _____

Kana zviri ndezvipi? _____

12. Mune here chikwereti chamakatora maringe nekuima fodya?

Hongu _____ Kwete _____

13. Kana madaira kuti hongu pamubvunzo uri pamusoro, chikwereti chenyu ndechemarii?

_____ (*munotenderwa kusadaira*).

14. Ndeapi makambani amunofanira kuzodzorera mari dzawo?

15. Purazi kana munda wenu wakakura sei? (*Maeka mangani?*).

16. Munguva yekukwanhura munoita vashandi vangani? _____

Kana isiri nguva yekukwanhura munohanda nevashandi vangani?

17. Munowana marii mukutengesa fodya? _____

18. Kana mukawana mukana nerubatsiro rwakakwana, mungade here kurima makazvimirira?

Dairai mibvunzo iyi kana muri murimi akazvimirira (independent farmers).

19. Mune here chikwereti chamakatora maringe nekuima fodya?

Hongu _____ Kwete _____

20. Kana madaira kuti hongu pamubvunzo uri pamusoro, chikwereti chenyu ndechemarii?

_____ (*munotenderwa kusadaira*).

21. Ndeapi makambani amunofanira kuzodzorera mari dzawo?

22. Purazi kana munda wenyu wakakura sei? (*Maeka mangani?*)

23. Munguva yekukwanhura munoita vashandi vangani? _____

Kana isiri nguva yekukwanhura munohanda nevashandi vangani?

24. Munowana marii mukutengesa fodya? _____

25. Kana mukawana mukana nerubatsiro rwakakwana, mungade here kurima makanyorerana nemakambani kana mabhanga?

Chikamu chemari yeraudziro (mari inosara)

26. Munonyora pasi here mari dzamunoshandisa kana zvikwereti mukurima kwenyu kwefodya?

Hongu _____ Kwete _____ Dzimwe nguva _____

27. Muokwanisa here mari yamunenge mashandisa muchisara neimwe?

Hongu _____ Kwete _____

Chikamu chetarisiro

28. Maive netarisiro yakadini pamari inosara mabhadhara zvose, musati mave murimi wefodya?

Kuita mari yakadarika yandaiita kare _____

Kuita mari yakafanana neyandaiva nayo kare _____

Ndaisava netarisiro chero _____

Zvimwe _____

(Kana zviri zbitwe, vandurirai)

29. Mari yenu inosara (purofiti) inoenderana here netarisiro dzenyu dzekurimwa kwefodya?

Chikamu cherubatsiro nekumiririrwa

30. Munoenda kipi kana mukasangana nedambudziko remari?

31. Muri mumwe weTIMB here?

32. Kana madaira hongu, munofunga kuti bazi reTIMB rinokumirirai kusvika papi?

Kana muine zvimwe zvekuwedzera nyorerai henyu.

Chikamu chezveutano

33. Mune here zvipfeko zvinokurudzirwa kupfeka pakushanda kwenyu nefodya?

34. Ko vashandi veyu?

35. Makambobatwa here neurwere kana marwadzo anoenderana nekushanda kwenyu nefodya?

36. Kana madaira hongu, ndezvipi zvimwe zvezvirwere izvovo?

37. Ko pane here chero nhengo yemhuri yenu yakambosangana neurwere kana marwadzo ane chekuita nekushanda kwenyu nefodya?

38. Kana madaira hongu, ndezvipi zvimwe zvezvirwere izvozvo?

39. Makambobatsirwa here kubhadharira mishonga urwere hune chekuita nekushanda kwenyu nefodya ?

Kana muine zvimwe zvekuwedzera nyorerai henyu.

Tinotenda zvikuru nekudaira mibvunzo iyi.

